

Kijan pou nou aplike pou yon lisans mariaj?

- Tou de moun yo dwe prezan pou aplike pou yon lisans mariaj.
- Biwo grefye/rejis Randolph la ouvri lendi pou vandredi 8:30 a.m. pou 4:30 p.m., **SOU RANDEVOU SÈLMAN**.
- Egzijans sila a aplikab pou ni rezidan ni moun andeyò Commonwealth la.
- Dapre lalwa Massachusetts, fòk ou depoze yon entansyon maryaj ansanm, sa kapab fèt ak grefye vil la oswa nan nenpòt kominote eta a.
- Si youn nan moun yo nan lame, yon sèl nan de moun yo kapab depoze entansyon, depi youn nan yo se yon rezidan Massachusetts.
- Si yon moun fèmèn nan yon etablisman koreksyon konte (county house of correction) oswa yon etablisman penal Eta a (state correctional facility), nenpòt kilès nan 2 moun yo kapab depoze entansyon.
- Lisans mariaj la, lè w resevwa li, valab pou 60 jou komanse dat entansyon yo te depoze, epi li aksepte nan nenpòt minisipalite oswa vil nan Massachusetts. Li pa valab andeyò Eta a.

Combien tan pou tann depi lè aplikasyon a depoze rive pou resevwa lisans la?

- Ou dwe tann twa (3) jou depi dat aplikasyon an ranpli pou resevwa lisans la. Lè dimanch ak jou ferye yo konte nan twa jou yo, men jou aplikasyon an fèt pa konte ladann. Pa egzanp, si w aplike vandredi, w ap resevwa lisans la lendi oswa apre.

Èske nou ta ka marye anvan twa jou si gen yon bon rezon?

- Wi, si w resevwa yon dispans tribunal apre w finn depoze entansyon a.
- Dapre MGL Ch. 207:30, si toulède moun yo rezidan, pa rezidan, oswa youn nan chak, epi yo bezwen dispanse twa jou yo, yo kapab fè sa si yo aplike pou yon jij omologasyon oswa distrik pou yo livre lisans lan touswit apre entansyon yo depoze ak grefye a.

Ki pri yon lisans maryaj?

- Frè pou depoze yon lisans maryaj nan Randolph se \$40.
- Kopi sètifye lisans maryaj la se \$10 chak.

A ki laj yon moun ka marye?

- Yon rezidan Massachusetts ka marye si li gen 18 an oswa plis.
- Ou gen dwa oblije prezante yon batistè oswa yon piès idantite ak foto w.

E si youn oswa toulède nan nou gen mwens pase 18 an?

- Si youn nan moun yo gen mwens pase 18 an, yo dwe jwenn yon òdonans nan yon tribunal omologasyon oswa yon tribinal distrik kote minè a abite anvan yo ka depoze entansyon maryaj yo.

Ki responsabilite manm klèje a oswa manm jistis lapè a?

- Manm klèje a oswa jistis lapè a dwe ranpli epi siyen lisans original la epi retounen li bay grefye vil oswa vilaj kote lisans lan te fèt.

Kisa ki ta dwe fèt si yon manm klèje ki pa nan Eta a oswa ki pòko rekonèt pa eta a ta dwe selebre maryaj la?

- Si yon manm klèje a oswa yon lòt moun Eta Massachusetts pa rekonèt dwe selebre maryaj la, moun sa a dwe jwenn yon Sètifika Otorizasyon nan men Sekretè Commonwealth Massachusetts (Massachusetts Secretary of the State) la anvan seremoni a.
- Se Divizyon Dosye Piblik Sekretè Commonwealth (Public Records Division of the Secretary of the Commonwealth) la ki bay sètifika sila a, e fòk li tache ak lisans original la epi retoun li bay sekretè vil oswa minisipalite a kote lisans lan te fèt.